

# Kisa yon aneyiployidi ye?

Aneyiployidi se lè yon moun genyen 1 oubyen plizyè kwomozom anplis osi non ki manke. Nòmalman nou genyen 46 kwomozom. Yo vin pa pè 23.

Nou pran 23 kwomozom bò kote chak paran. Lè genyen kwomozom anplis oubyen ki manke, sa kapab afekte sante ak devlopman yon moun. Men kèk **Kisa sendwòm Down nan ye?**

## Maladi nou wè pi souvan yo:

Trizomi 21 (Sendwòm Down)

**Trizomi 18** (Sendwòm Edward): Sa lakoz pwoblèm sante grav depi timoun nan fèt. Pifò bebe ki fèt ak sa a pa viv plis pase yon lane.

**Trizomi 13** (Sendwòm Patau): Sa lakoz pwoblèm sante grav depi timoun nan fèt. Pifò bebe ki fèt ak sa a pa viv plis pase yon lane.

- Sendwòm Down nan se maladi kwomozom ki pi komen lakay moun.
- Se yon kwomozom anplis ki bay li. Moun ki souffri Sendwòm Down nan gen yon kopi kwomozom 21 anplis. Lè sa rive, li lakoz sèvo a ak kò a pa devlope menm jan.

## Ki pwoblèm sante ki asosye ak Sendwòm Down nan?

Moun ki genyen sendwòm Down nan plis riske genyen:

- Pwoblèm nan kè
- Pwoblèm nan vant
- Epilepsi
- Pwoblèm pou pale, wè, oswa tande
- Pwoblèm pou aprann, rezoud pwoblèm ak boule ak lòt moun.
- Kèk kansè

## Ki fason m ka dekouvi si timoun mwen an genyen sendwòm Down?

Ou ka dekouvi si timoun ou an genyen sendwòm Down anvan li fèt. Sa kapab fèt gras ak tèst tankou:

- **Depistaj premye trimès** (depistaj timoun piti ki kapab fèt ant 10-13 semèn gwosès)
- **Depistaj Quad** (Li pi bon si depistaj la fèt ant 15 a 23 semèn gwosès la)
- **Tès Prenatal Non Envazif (NIPT)** (tès ki ka fèt depi sou 10 semèn gwosès)

Doktè ka di w tou si timoun nan genyen sendwòm Down lè l fèt. birth. Sa baze sou aparans timoun nan (tankou si l genyen kèk trè fasyal).

## Èske gen gerizon kont sendwòm Down nan?

- Pa gen gerizon kont sendwòm Down nan. Doktè yo ap trete pwoblèm sante ki gen rapò ak sendwòm Down nan pandan y ap parèt, tankou pwoblèm kè.

## Konbyen tan yon moun ki genyen sendwòm Down nan viv?

- Moun ki genyen sendwòm Down ka viv anviwon 60 lane.

Anpil moun ki genyen sendwòm Down nan kontinye al nan fakilte. Anpil nan yo kapab viv san yo pa depann de lòt moun e yo genyen travay. Anpil nan yo kontinye ap viv vi ki satisfèzan gras ak:

- Yon bon vi lakay.
- Sipò bò kote fanmi ak zanmi.
- Bon jan pwogram edikatif
- Kalite swen sante



Pale ak pwofesyonèl swen